

**PANGARUH MODÉL *PROBLEM BASED LEARNING* KANA  
KAMAMPUH NYARITA KONSEP DIAJAR IPAS  
DIBANTUAN APLIKASI *QUIZIZZ* PESERTA DIDIK  
KELAS IV SD**

Ku  
**Aldhea Rizky Noer Zahra  
205060208**

**ABSTRAK**

Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho sabaraha pangaruh modél Pangajaran Berbasis Masalah (*Problem Based Learning*) dibantuan ku média *Quizizz* kana kamampuh pamahaman dina pangajaran IPAS peserta didik kelas IV SD. Métode ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuantitatif, sangkan bisa diolah ngagunakeun sababaraha té sarta bisa diitung ngagunakeun aplikasi SPSS versi 25 téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun té anu ngawengku pretés jeung postés. Sampel dina ieu panalungtikan nya éta 27 peserta didik , pikeun kelas kontrol aya 13 peserta didik jeung kelas ékspérimén aya 13 peserta didik. Hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun némbongkeun ngaronjatna kelas ékspérimén 21,5 di kelas kontrol 16,2. Samentara éta, hasil uji normalitas pikeun kelas ékspérimén ngagunakeun hasil pretés 0,294 jeung hasil postés 0,107, jeung pikeun kelas kontrol hasilna pretés 0,150 jeung hasil postés 0,537. Ku kituna duanana kelas miboga distribusi anu normal. Dina hasil uji homogénitas kelas ékspérimén jeung kelas kontrol miboga nilai signifikan dumasar *Mean*, nya éta 0,931, anu homogén, hasil uji hipotésis ngagunakeun Uji *Gain Score* di kelas ékspérimén nyaéta 0,5254, kaasup katégori sedeng jeung di kelas kontrol, 0,4314, kaasup kategori sedeng. Ku kituna bisa disimpulkeun yén modél Pangajaran Berbasis Masalah anu dibantuan ku média *Quizizz* miboga pangaruh anu saeutik kana kamampuh pamahaman dina élmu pangaweruh jeung konsép *sains* di kelas IV SD, Hal ieu tiasa disababkeun ku nilai rata-rata kelas eksperimen henteu jauh béda jeung nilai rata-rata kelas kontrol, lantaran efektivitas model teupati signifikan dina ningkatkeun pamahaman konsép peserta didik.

**Kecap Pamageuh:** Model Pangajaran Berbasis Masalah, Pamahaman Konsep, IPAS, *Quizizz*, IV SD.